

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP GAJAH MUNGKUR 6 NGADIROJO
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas, Semester : VIII/Ganjil
 Tahun Pelajaran : 2020/2021
 Kompetensi Dasar : 3.2 Menelaah teks *Piwulang Serat Wulangreh Pupuh Pangkur*
 4.2 Menanggapi isi teks *Piwulang Serat Wulangreh Pupuh Pangkur*
 Alokasi Waktu: 6 jpl x 30' (3 x pertemuan)

Tujuan Pembelajaran	
<p>Setelah mengikuti kegiatan pembelajaran jarak jauh (daring), peserta didik diharapkan dapat:</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Melalui penjelasan guru dalam WAG, peserta didik dapat mengidentifikasi patokan tembang Macapat Pangkur dengan benar ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat mengartikan kata-kata sukar yang ada dalam teks Serat Wulangreh pupuh Pangkur bait 1-4 sesuai dengan konteks ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat menjawab pertanyaan terkait dengan isi Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 dengan benar ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat menentukan pokok-pokok isi teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 dengan tepat ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat mengungkapkan isi pokok Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 secara runtut ➤ Dengan memperhatikan penjelasan guru dalam bentuk voice note, peserta didik dapat menuliskan pesan yang terkandung dalam Serat Wulangreh Pupuh Pangkur sesuai dengan konteks. 	
Kegiatan pembelajaran pertemuan pertama	
Tahapan	Kegiatan
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp. • Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami. • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. • Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran
Kegiatan Inti	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik mendapatkan pengantar materi via whatsApp dari guru • Peserta didik memperhatikan penjelasan guru dalam WAG tentang patokan tembang Macapat Pangkur • Peserta didik diberi tugas mendata kata-kata sukar yang ada di teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 • Peserta didik diberi kesempatan untuk saling berdiskusi/bertanya jawab melalui whatsApp atau media komunikasi lain untuk mengartikan kata-kata sukar. • Peserta didik diberi waktu untuk tanya jawab materi yg kurang dikuasai melalui WAG kelas. • Peserta didik menuliskan isi pokok teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4,

	melalui Microsoft teams	
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan, memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing. 	
	Kegiatan Pembelajaran pertemuan ke dua dan ke tiga	
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru via WhatsApp. • Peserta didik diminta mengisi absensi dengan menuliskan nama dan memberi tanda emoticon jempol/zoom meet, menyampaikan kondisi/keadaan dan permasalahan yang mungkin dialami. • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. Menyampaikan tujuan kegiatan pembelajaran	
Kegiatan inti	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima penjelasan guru tentang cara menentukan pokok-pokok isi teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur • Peserta didik berdiskusi dalam WAG, membuat parafrase Serat Wulangreh pupuh Pangkur bait 1-4 • Peserta didik berdiskusi dalam WAG, menentukan pokok-pokok isi Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 • Peserta didik menuliskan isi pokok dan pesan yang terkandung dalam serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4 melalui Microsoft teams 	
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan • Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan. • Guru menutup pembelajaran dengan memberikan penguatan, memotivasi dan berdo'a sesuai dengan agama dan keyakinan masing-masing. 	
Penilaian		
Sikap	Pengetahuan	Keterampilan
Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal: <ul style="list-style-type: none"> • disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran dan mengumpulkan hasil pembelajaran. • bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung. • bertanggung jawab dalam melaporkan hasil pembelajaran 	Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) yang berupa 10 soal mengartikan kata sukar, 5 soal esay singkat dengan bahasa krama, dan penilaian harian berupa soal pilgan.	Peserta didik menulis isi pokok Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4, dan pesan yang terkandung di dalamnya.

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Mengetahui
Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo

Guru Mata Pelajaran

Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

Lampiran 1

A. Materi esensial

Tembang macapat iku salah sawijine jenis tembang Jawa. Jinise tembang Jawa iku ana werna papat, yaiku tembang Gedhe, Tengahan, Macapat, lan tembang Dolanan. Tembang macapat uga sinebut tembang *cilik*, kang thukul kira-kira jaman Majapahit, Raja Brawijaya VII taun 1478, lan ngrembaka ing jaman Demak lan jaman sateruse. Sumebare tembang iki menyang wilayah wetan saka Jawa (Jawa Tengah lan Jawa Timur) nganti teka Bali lan wilayah kulon tumeka Sundha.

Buku-buku “ kuna “ (serat) kayata serat “ Srikandhi Maguru manah “, “ Centhini “, “ Wulangreh “, “ Wedhatama “, “ Tripama “, yaiku asile susastra jawa kang tinulis wujud tembang macapat. Ana ing cakepan tembang macapat uga ngandhut kawruh kagunan basa, kayata : sanepa, paribasan, wangsalan, purwakanthi, lan parikan, kang mujudake ciri susastra jawa lan uga nuduhake endah-edine basa.

Tembang macapat sinebut, “ Lagu Winengku Sastra “, kang werdine yaiku sajrone nembang macapat iku sing luwih wigati sastrane, tinimbang lagune. Kanthi mangkono, mula titikane nembang macapat kaya kasebut ngisor iki :

- a. Lagu lan cengkok prasaja.
- b. Wiletan paling akeh migunakake telung titi laras.
- c. Kedal (*artikulasi*) kudu cetha.
- d. Andhege napas diatur jumbuh karo maksude ukara/ aja nganti ngowahi teges
- e. Ora kena medhot tembung.
- f. Laras kudu trep
- g. Anggone njupuk swara, jumbuh karo laras lan pathet kang wus tinemtokake

Kanggo mangerteni isi lan piwulang kang ana ing sajroning tembang iku ora gampang. Tembung-tembung kang dipigunakake ing tembang iku lumrahe nggunakake tembung rinengga, tembung kawi, utawa tembung endah. Menawa arep mangerteni isi lan piwulang kang ana ing sajrone tembang, iku ana carane. Bisa diwiwiti kanthi nggoleki

tembung-tembung angel utawa kang durung dimangerteni tegese. Banjur negesi ukara saben gatra lan digathukake antarane gatra sepisan nganti pungkasan.

Teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur

PANGKUR

(Saka Serat wulangreh anggitan Sri Susuhunan Pakubuwana IV)

Laras Pelog Pathet Nem

3	5	5	5	5	5	3	3												
Kang-	se-	kar	pang-	kur	wi-	nar-	na												
3	5	5	<u>5</u>	<u>6</u>	1	1	1	2	3	3	<u>2</u>	<u>1</u>							
Le-	la-	buh-	an		kang	kang-	go	wong	nga-	u-	rip								
5	6	1`	1`	1`	2`	<u>1`2`</u>	2`												
a-	la	lan	be-	cik	pu-	ni-	ku												
1`	6	5	5	5	5	<u>4</u>	<u>5</u>												
Pra-	yo-	ga	ka-	wruh-	a-	na													
3	5	5	<u>5</u>	<u>6</u>	1	1	1	1	1	2	3	3							
a-	dat	wa-	ton		pu-	ni-	ku	di-	pun	ka-	du-	lu							
<u>6</u>	1	1	1	1	1	1	1												
mi-	wah	ta	ing	ta-	ta	kra-	ma												
1	2	3	1	2	3	3	<u>2</u>	<u>1</u>											
den	ka-	es-	thi	si-	yang-	ra-	tri												

2. dèduga lawan prayoga

myang watara rêringa aywa lali

iku **parabot** satuhu

tan kêna tininggala

tangi lungguh angadêg tuwin lumaku

angucap mênêng **anendra**

duga-duga nora kari

3. miwah ing sabarang **karya**

ing prakara gédhe kalawan cilik

papat iku datan kantun

kanggo sadina-dina

lan ing wêngi nagara muwah ing dhusun

kabèh kang padha ambêkan

papat iku nora kari

4. kalamun ana manungsa

anyinggahi dugi lawan prayogi

iku watêke tan patut

awor lawan wong kathah

wong **diksura** daludur tan wruh ing êdur

aja **sira** pêdhak-pêdhak

nora wurung **nêniwasi**

B. Sumber Belajar

1. Baut Basa Jawa Kl. VII
2. Kasusastran Jawi
3. Bausastra/Kamus Basa Jawa
4. Internet

Lampiran 2

LKPD 1

- 3.2.1. Menyusun urutan kata-kata sukar yang terdapat dalam teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur
- 3.2.2. Merumuskan arti kata-kata yang dianggap sulit dalam konteks kalimat.
- 3.2.3. Menyusun jawaban pertanyaan dalam ragam krama.
- 3.2.4. Menyimpulkan isi teks Serat wulangreh Pupuh Pangkur secara tertulis.

1. Tulisen tembung-tembung kang cinithak kandel tembang Pangkur pada 1-4, banjur golekana tegese! (bisa nggolek ana ing bausastra, utawa mbukak internet)
2. Wangsulana mawa basa krama!
 - a. Tembang Pangkur ing dhuwur kapethik saka serat apa, lan sapa sing nganggit ?
 - b. Tembang Pangkur ing dhuwur ana pirang pada ?

- c. Sapada tembang Pangkur iku ana pirang gatra ?
 - d. Tulisna guru wilangan lan guru lagune tembang Pangkur kasebut !
 - e.“ Miwah ta ing tata krama, den kaesthi siyang ratri “, iku maksude kepriye ?
1.
 - a. dicritakake
 - b. tumindak becik
 - c. disawang
 - d. awan-bengi
 - e. piranti, alat
 - f. turu
 - g. gawe
 - h. kumawani
 - i. kowe
 - j. nyilakani, ndrawasi
 2.
 - a. Serat Wulangreh, Sinuwun Pakubuwana IV
 - b. sekawan pada
 - c. wonten pitung gatra
 - d. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - e. lan tata karma iku kudu diudi awan lan wengi

Pedoman Penskoran:

No. 1 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20, sedangkan No. 2 setiap jawaban benar diberi skor 4, sedangkan jawaban salah diberi skor 0, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20.

$$\text{Nilai (1, 2) : } \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal (40)}} \times 100$$

LKPD 2

- 4.2.1 Menganalisa teks Serat wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4
- 4.2.2 Menuliskan pokok-pokok isi teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur bait 1-4
- 4.2.3 Menuliskan pesan yang terkandung dalam teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur

Soal :

Bocah-bocah coba tulisen isi baku lan piwulang luhur saben pada tembang Pangkur kasebut, ana ing buku tulismu dhewe-dhewe!

(Minggu ngarep dikirim lumantar Microsoft teams)

Lampiran 3

- 3.2.1 Menjawab 10 pertanyaan pilgan terkait dengan isi Serat Wulangreh pupuh Gambuh bait 1-4

**PENILAIAN HARIAN
KD 3.2**

Pilihèn wangsulan kang bener kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d !
kang sêkar pangkur winarna

lêlabuhan kang kanggo wong ngaurip

ala lan bêcik puniku

prayoga kawruhana

adat waton puniku dipun kadulu

miwah ta ing tatakrama

dèn kaèsthi siyang ratri

1. Cacahe gatra saben sapada tembang Pangkur iku ana pirang gatra ?
 - a. 5 gatra
 - b. 6 gatra
 - c. 7 gatra
 - d. 8 gatra
2. Cacahe wanda saben sagatra tembang macapat, diarani
 - a. guru wilangan
 - b. guru lagu
 - c. guru gatra
 - d. Dhong-dhing
3. Guru wilangan lan guru lagune tembang Pangkur gatra wekasan, yaiku
 - a. 8 u
 - b. 8 a
 - c. 8 o
 - d. 8 i
4. Tembang Pangkur iku nduweni watak kepriye ?
 - a. sereng
 - b. luwes

- c. nelangsa
 - d. raket, kulina
5. Lelabuhan kang kanggo wong ngaurip. Tembung “lelabuhan” kalebu tembung rangkep, aran
- a. dwipurwa
 - b. dwi lingga padha swara
 - c. dwi lingga salin swara
 - d. dwi wasana
6. Den kaesthi siyang ratri. Tembung “siyang ratri” kagolong tembung
- a. saroja
 - b. kosok balen
 - c. rura basa
 - d. yogya swara
7. Kang ora jumbuh karo isine tembang Pangkur ing dhuwur, yaiku
- a. Tumindak becik kang kanggo wong ngaurip..
 - b. Tumindak ala lan sing becik perlu dimangerteni..
 - c. Adat tatacara lan aturan becike ditinggalake.
 - d. Mangerti ing tata krama utawa unggah-ungguh..
8. Kang sekar pangkur winarna. Tembung “winarna”, tegese
- a. disebutake
 - b. dicritakake
 - c. diwarnani
 - d. digambar
9. Tembang macapat iku uga kena sinebut tembang
- a. Gedhe

- b. Cilik
- c. Tengahan
- d. Dolanan

10. Tembang pangkur ing dhuwur kapethik saka Serat Wulangreh, anggitane

- a. Mangkunegara IV
- b. Ranga Warsita
- c. Pakubuwana IV
- d. Pakubuwana III

B. Kunci jawaban :

1. c	6. b
2. a	7. c
3. d	8. b
4. a	9. b
5. a	10. c

C. Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 30.

$$\text{Nilai (1) : } \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal (20)}} \times 100$$